

TATA PANGIBADAH MINGGU EPIFANI KAPING 2 - GKJ AMBARRUKMA

18 JANUARI 2026

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB
Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijo, Stola/Logo/Simbol : Bintang Bersegi Gangsal)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori

Sakderengipun pangibadah, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

2. **Liturgos** :

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Wolulas Januari Kalih Ewu Nemlikur** (18 Januari 2026).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “***Tepang kagem Ndherek Panjenenganipun***” badhe kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Tiga Welas, pada Setunggal lan Kalih (KPKA 13 : 1 + 2), “Aku Duwe Pamarta”** *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Aku duwe Pamarta Yesus Kristus asmanya
kang wus ngurbanken sarira ngruwat aku sing dosa,
Refr:
duwekku duwekku Gusti Yesus Pamartaku dak puji trusing kalbu.
- (2) Aku duwe Pamarta satuhu ing kasetyan,
yen aku nyangga panandhang pinaringan karosan,Refr:

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:**

(Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwa ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwa Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : 5 7 | i . 5 7 | i . 5 4 | 3 . ||
A - min, A - min, A - min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Sabda Introitus**

Lektor : Introitus kapethik saking: **Yesaya 49 : 1 - 7**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. **Liturgos** : “Pasamuwan ing tetunggalinipun Gusti Yesus, Gusti Allah paring pangandika bilih para ratu badhe ngunjukaken kurmat, tuwin para panggageng badhe sujud manambah awit Gusti Allah ingkang setya sarta Kang Mahasuci, Gusti Allahipun Israel, sampun milih sira.

Sesarengan kita repenaken kidung sukarena, **Kidung Pasamuwan Jawi Nemlikur, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 26 : 1 + 3), “Pinuji Gusti”**

- (1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.

Refr:

Haleluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haleluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.

- (3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.....Refr:

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : 1 Yokanan 3 : 5 - 6**

7. **Pacawisan Pamratobat**

Imam : ” Pasamuwan kagunganipun Gusti, kita kaemutaken bilih Gusti kita ingkang mboten nggadahi dosa menika sampun mbirat sakathahing dosa.

Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Dasa Sekawan, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 44 : 1 + 2), “Aku Wong Kang Dosa”**

- (1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan den sucekna, srana rahe kang suci
Refr:
Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur.
- (2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwaru kawula saking dosa.....Refr:

8. Pandonga Pamratobat

Imam : “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggu ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinuji-pujia asma Paduka Gusti..... Gusti, ingkang nitahaken jagat raya tuwin sak isinipun. Sih kamirahan Paduka tansah kababar ing gesang kawula. Ing pangibadah enjang menika, kawula sowan ing ngarsa Paduka. Kawula nelangsa Gusti, bilih kawula kebak dosa. Pramila kawula ngungsi ing Paduka Gusti. Kawula nyuwun piwelas saha kamirahan Paduka. Paduka Gusti ingkang nucekaken kawula saking sedaya pandamel dosa kawula menika. Kawula nyuwun pitulungan saha sumunaripun pepadhang ing sak uruting lampah gesang kawula. Mugi berkah pepadhang sih katresnan saha kamirahan saking Paduka menika tansah kawula lajengaken ing ing gesang menika.

Linambaran sih katresnan saha rah kurbaninipun Gusti Yesus Kristus ingkang suci, Panebus yekti, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Yeremia 24 : 7

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Wulang Bebasan 9 : 10

10. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti. Kita kadhawuhan tansah mratobat ing Gusti kanthi gumolongipun manah kita saha wedi asih dumateng Gusti.

Sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Lami Satus Tigang Dasa Pitu, pada Satunggal lan Tiga (KPKL 137 : 1 + 3), “Manggil Salib”..... pasamuwan kula aturi jumeneng**

- (1) Gusti Yesus kula badhe nderek Tuwan slaminya
Nderek manggul salib Tuwan sajeg kula neng donya
Kula Tuwan kiyataken sageda tahan susah
Sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah.
- (3) Kasusahan lan sangsara nyaketaken mring Tuwan
Sarta ngatag manah kula angupados kaswargan
Kula anandhanga papa angger sugih suwarga
Ngangkah napa malih kula lamun darbe Pamarta ?

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken Yokanan 1 : 29 - 42

c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 . 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . .
Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya

d) Pandhita : Paladosan Khotbah

e) Irah-irahan: “Tepang kagem ndherek Panjenenganipun”

f) Ancas : Pasamuwan saget ngraosaken bilih tansah tepang lan ndherek Gusti kanthi gumolong saha tulusing manah.

g) Wekdal Ening.

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang linuber berkah ing Sang Kristus Gusti. Kamirahan saha berkahipun Gusti tansah linuber lumintu ing gesang kita sami. Pramila minangka cihnaning raos sokur kita dumateng Gusti, sesarengan kita badhe ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking serat **Kalih Korinta bab Wolu ayat Sanga (2 Korinta 8 : 9)** ingkang mekaten suraosipun:

“Marga kowe wus padha sumurup marang sih-rahmate Gusti kita Yesus Kristus, yaiku manawa Panjenengane, kang amarga saka kowe dadi mlarat, sanadyan Panjenengane iku sugih, supaya kowe dadia sugih marga kamlaratane.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Satus Wolung Dasa Pitu, pada Setunggal dumugi Sekawan (KPKA 187 : 1 - 4), “Pisungsung Jiwa Raga”**

- (1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta
mugi dados lantaran kamulyaning Pangeran kamulyaning Pangeran
- (2) Tangan suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki nampeni sihing Gusti, nampeni sihing Gusti
- (3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji, datan kendhat pinuji.
- (4) Bandha lan kasugihan, wegdal wah kasagedan,
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata, dadya pisungsung nyata.

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula suwun jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. **Pandhita : Paladosan Berkah**

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita mbudidaya supados tansah tepang kaliyan Gusti Yesus Kristen matemah kita tansah saget nderek Panjenenganipun.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Wolung Dasa Setunggal, pada Setunggal lan Sekawan (KPKA 81 : 1 + 4), “Ndherek Gusti”**

- (1) Kula mesthi ndherek Gusti kang jumeneng Panutan
tetep setya dugeng janji tan wigih karibedan,

Refr:

dhuh nyawaku ja kwatir Gusti tan ewah gingsir
tut wuria salaminya ing satindake Gusti.

- (4) Kula mesthi ndherek Gusti ngestokken dhawuh adi,
lamun wonten kang nyatroni nedya kula tresnani,.....Refr:

17. **Liturgos** : “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”